



KEMENTERIAN
PENDIDIKAN DASAR
DAN MENENGAH
2025

B3

Céngcéléngan Nénéng

Celengan Neneng



Penulis : Ari Andriansyah
Ilustrator : Maman Sulaeman





KEMENTERIAN
PENDIDIKAN DASAR
DAN MENENGAH
2025

Céngcéléngan Nénéng

Celengan Neneng



Penulis : Ari Andriansyah
Ilustrator : Maman Sulaeman

Kementerian Pendidikan Dasar dan Menengah Dilindungi Undang-Undang

Penafian: Buku ini disiapkan oleh pemerintahan dalam rangka pemenuhan kebutuhan buku pendidikan yang bermutu, murah, dan merata sesuai dengan amanat dalam UU No. 3 Tahun 2017. Buku ini disusun dan ditelaah oleh berbagai pihak di bawah koordinasi Balai Bahasa Provinsi Jawa Barat, Badan Pengembangan dan Pembinaan Bahasa, Kementerian Pendidikan Dasar dan Menengah. Buku ini merupakan dokumen hidup yang senantiasa diperbaiki, diperbarui, dan dimutakhirkan sesuai dengan dinamika kebutuhan dan perubahan zaman.

Céngcéléngan Nénéng
Celengan Neneng

Penanggung jawab : Herawati
Penulis : Ari Andriansyah
Penerjemah : Mahmud Fasya
Ilustrator : Maman Sulaeman
Penelaah : Dheka Dwi Agustiningsih
Penyunting : Mohamad Azhar Rasjid
Penata letak : Agus Willy Kristy

Penerbit
Kementerian Pendidikan Dasar dan Menengah

Dikeluarkan oleh
Balai Bahasa Provinsi Jawa Barat
Jalan Sumbawa Nomor 11, Bandung 40113
Pos-el: balaibahasa.jabar@kemendikdasmen.go.id
Laman: www.balaibahasajabar.kemendikdasmen.go.id
Instagram: @balaibahasajabar
Facebook: Balai Bahasa Provinsi Jawa Barat
YouTube: Balai Bahasa Jawa Barat
Telepon: (022) 4205468

Cetakan kedua, 2025
ISBN 978-623-118-688-1

Isi buku ini menggunakan huruf Comic Sans 14pt, Vincent Connare.
V, 44 hlm: 21 x 29,7 cm.

Pesan Bu Hera

Hai, anak-anakku sayang. Salam literasi!

Buku-buku hebat ini dipersembahkan untuk kalian. Kalian dapat menyimak atau membaca cerita-cerita yang menarik di dalamnya. Buku ini dipersembahkan dalam dua bahasa, yaitu bahasa daerah dan bahasa Indonesia. Buku dwibahasa ini mengajak kalian untuk mengenal bahasa dan budaya daerah di Jawa Barat.

Ilustrasi yang memukau juga akan membantu kalian memahami jalan cerita. Semoga kalian menyukai buku-buku ini dan makin gemar membaca. Selamat membaca!

Kepala Balai Bahasa Provinsi Jawa Barat,


Dr. Herawati, S.S., M.A
197710122001122005


Selain menyajikan cerita bermuatan lokal yang menarik untuk pembaca sasaran jenjang B2 dan B3, buku ini juga mengajarkan anak-anak untuk tetap mencintai bahasa daerah. Semoga Balai Bahasa Provinsi Jawa Barat semakin banyak menerbitkan buku-buku seperti ini.

(Benny Rhamdani, penulis dan pemerhati buku anak)

Céngcéléngan Nénéng

Celengan Neneng






"Nénéng geulis, budak Ema. Wayahna nya, céngcéléngan téh urang buka. Ema teu gaduh pisan kanggo mésér obat sareng béas," ceuk Ema.

"Neneng cantik, putri Ema, yang sabar, ya. Celengan ini terpaksa harus kita pecahkan. Ema perlu untuk membeli obat dan beras," kata Ema.





Sanggeus sababaraha poé gering, Ema ayeuna maju ka séhat.

Ema diuk dina korsi di rohangan imah. "Tos térah jagjag ayeuna mah. Hasan geura digentos seragam sakolana. Geura ajak ameng Nénéng ulah sina baeud waé," ceuk Ema bari ngusapan Nénéng

Setelah beberapa hari sakit, kondisi Ema kini semakin membaik.

"Sekarang, Ema sudah semakin sehat. Ayo, Hasan segera ganti baju. Ajak Neneng bermain agar tidak murung terus," kata Ema sambil mengelus Neneng.



Nénéng diuk dina golodog bari nyepengan sesemplékan céngcéléngana.

"Éta téh céngcéléngan hayam damelan Bapa. Saur Bapa ogé, teu kénging dipeupeuskeun sateuacan pinuh eusina," ceuk Nénéng.


Neneng sedang duduk di atas balai-balai sambil memegang pecahan celengannya.

"Celengan ayam ini buatan Bapak. Kata Bapak, jangan dipecahkan sebelum isinya penuh," ujar Neneng.



Pebeubeurang Hasan balik ti sakola,
ngaliwat ka lio. Loba nu keur digarawé
nyieun barang gagarabah tina taneuh
teula atawa taneuh liat.

Lio téh perenahna teu pati jauh ti
imahna. Nu jadi anjunna masarakat
di dinya Anjun téh tukang nyieun
barang gagarabah tina taneuh liat.
Hasan ningali Mang Ali jeung Bah
Didi anu keur digarawé nyieun barang
garabah. Mang Ali jeung Bah Didi téh
sobat Bapana Hasan.



Siang hari Hasan pulang dari sekolah
melewati lio. Para perajin sedang
membuat gerabah dari tanah liat.
Lokasi lio tidak terlalu jauh dari
rumahnya. Yang menjadi anjun adalah
masyarakat setempat. Anjun adalah
pembuat gerabah dari tanah liat.
Hasan mengamati Mang Ali dan Bah
Didi yang sedang bekerja membuat
gerabah. Mang Ali dan Bah Didi
adalah sahabat ayah Hasan.

Nepi ka imahna. Hasan ngusapan taktak Nénéng anu keur ngahuleng.

"Nénéng Hasna adi Aa, ulah baeud waé atuh," ceuk Hasan.

"Nénéng mah hoyong céngcéléngan hayam siga kénging damelan Bapa," témbal Nénéng.

Hasan sampai di rumah, lalu mengelus bahu Neneng yang sedang melamun.

"Neneng Hasna adikku, jangan murung saja," kata Hasan.

"Neneng ingin celengan ayam seperti buatan Bapak," jawab Neneng.



Peutingna, sanggeus ngapalkeun, Hasan mikiran kumaha carana sangkan Néneng teu baeud deui.

"Ah, énjing mah badé ka lio. Badé ka Mang Ali sareng Bah Didi," ceuk Hasan, ngagerendeng, bari seuri.

Malam hari seusai belajar, Hasan memikirkan cara agar Neneng tidak murung lagi.

"Ah, besok mau ke lio. Menemui Mang Ali dan Bah Didi," gumam Hasan sambil tertawa kecil.



Isuk-isuk saméméh indit ka sakola, Hasan ngusapan heula taktak Nénéng.

"Tos tong baeud waé, Nénéng. Ké wangsul ti sakola, Aa badé ka lio tempat damel Mang Ali sareng Bah Didi. Badé nyungkeun tulung mangdamelkeun céngcélengan hayam kanggo Nénéng," ceuk Hasan.

"Enyaan, A?" tanya Nénéng bari bungah.
Hasan unggeuk.

Pagi-pagi sebelum berangkat ke sekolah, Hasan mengelus bahu Neneng.

"Sudah, jangan murung lagi. Nanti pulang sekolah, Kakak akan ke lio. Kakak akan meminta tolong untuk dibuatkan celengan ayam untuk Neneng," kata Hasan.

"Betul, Kak?" tanya Neneng dengan bahagia.
Hasan mengangguk.



Pebeubeurang Hasan balik ti sakola. Nyimpang ka lio nepungan Mang Ali jeung Bah Didi. Hasan ménta tulung mangnyieunkeun céngcéléngan hayam keur Nénéng.

"Alusna mah Hasan nyieun céngcéléngan sorangan méh bisa," ceuk Bah Didi mapatahan.

"Da Hasan mah teu tiasa ngadamelna," jawab Hasan.

"Ké ku Mang Ali jeung Bah Didi diajarkeun," ceuk Mang Ali.

Pulang sekolah Hasan singgah ke lio menemui Mang Ali dan Bah Didi. Hasan meminta tolong dibuatkan celengan ayam untuk Neneng.

"Sebaiknya Hasan belajar membuat celengan sendiri," kata Bah Didi.

"Hasan belum bisa membuatnya," jawab Hasan.

"Nanti Mang Ali dan Bah Didi akan mengajari Hasan," kata Mang Ali.



Hasan nepi ka imah. Tuluy nyaritakeun ka Ema yén bieu balik ti sakola, manéhna nepungan Mang Ali jeung Bah Didi. Hasan nepikeun ogé niatna, hayang diajar nyieun céngcéléngan kawas almarhum Bapana. Ema bungaheun ngadangu pamaksadan Hasan

Hasan tiba di rumah. Dia bercerita kepada Ema bahwa sepulang sekolah, ia menemui Mang Ali dan Bah Didi. Dia juga menyampaikan niat untuk belajar membuat celengan seperti almarhum ayahnya. Ema senang dengan keinginan Hasan.




Isukna sanggeus balik ti sakola jeung ngaganti seragamna, Hasan pamit ka Ema.

"Ema, Hasan badé ka lio," ceuk Hasan bari nyium leungeun indungna.

Keesokan harinya, setelah pulang dari sekolah dan mengganti seragam, Hasan berpamitan kepada Ema.

"Ema, Hasan mau ke lio," kata Hasan sambil mencium tangan ibunya.



Hasan sumanget indit ka lio. Leumpang bari bungah.

Hasan berangkat ke lio dengan penuh semangat.



Hasan nepi ka lio. Kasampak Mang Ali jeung Bah Didi keur digarawé.

"Naon waé anu kedah disiapkeun kanggo ngadamel céngcéléngan téh, Bah?"
tanya Hasan ka Bah Didi.



Bah Didi seuri.

Hasan tiba di lio. Tampak Mang Ali dan Bah Didi yang sedang bekerja.

"Apa saja yang harus disiapkan untuk membuat celengan, Bah?"
tanya Hasan kepada Bah Didi.



Bah Didi tersenyum.





"Alat jeung bahanna mah basajan. Di antarana citakan, taneuh liat, keusik lempung, cai, cucutik atawa pangoét, tempat pameuleuman, suluh, jeung jarami."
Bah Didi nerangkeun.

"Alat dan bahannya sederhana, di antaranya cetakan, tanah liat, pasir lempung, air, cucutik atau penggores, tempat pembakaran, kayu bakar, dan jerami."
Bah Didi menjelaskan.



"Kumaha cara ngadamel céngcéléngan téh, Bah?" tanya Hasan ka Bah Didi.

"Tah, cara nyieunna mah tanyakeun ka Mang Ali," témbal Bah Didi.

"Bagaimana cara membuat celengan, Bah?" tanya Hasan kepada Bah Didi.

"Nah, cara membuatnya tanyakan kepada Mang Ali," jawab Bah Didi.



Kahiji, siapkeun citakan céngcéléngan anu geus dijieun. Citakanana rupa-rupa. Biasana bentuk sasatoan, wayang, bonéka, atawa tokoh super hiro. Citakan téh dibagi dua beulahan, anu engkéna di hijikeun.

Kadua, siapkeun taneuh liat, keusik lempung anu lemes kawas semen, cai keur ngahipukeun jeung ngalemesan taneuh liat, cucutik atawa pangoét ukuran sagedé indung leungeun (jempol). Gunanana keur ngaratakeun taneuh liat dina citakan.

Pertama, siapkan cetakan celengan. Cetakannya beraneka rupa. Biasanya bentuk hewan, wayang, boneka, atau tokoh super hero. Cetakan dibagi dua bagian yang nanti akan disatukan.

Kadua, siapkan tanah liat. pasir lempung yang halus seperti semen, air untuk melunakkan dan menghaluskan tanah liat. cucutik atau penggores yang ukurannya sebesar jempol. Cucutik berguna untuk meratakan tanah liat dalam cetakan.



"Teras, dikumahakeun deui, Mang?"
ceuk Hasan penasaran.

"Sabar atuh. Emangna hayang nginum heula,"
tembak Mang Ali bari seuri nyakakak.

"Selanjutnya bagaimana, Mang?"
tanya Hasan penasaran.

"Sabarlah. Mang Ali mau minum dulu,"
jawab Mang Ali sambil tertawa.



Katilu, keur ngadasaran, dua beulahan citakan kudu diawuran heula ku keusik lempung sing rata.

Ketiga, sebagai dasar, kedua bagian cetakan celengan harus ditaburi pasir lempung secara merata.

Salajengna, dua beulahan citakan téh tuluy dieusi ku taneuh liat sing rata. Cara ngaratakeunana diemplé-emplé ku leungeun jeung cucutik. Awuran deui ku keusik lempung sing rata.

Kemudian, kedua bagian cetakan celengan lalu diisi oleh tanah liat sampai merata. Cara meratakannya dengan ditekan berkali-kali oleh tangan dan cucutik. Lalu, taburi lagi dengan pasir lempung secara merata.

Nu ka opat, dua beulahan citakan céngcéléngan dihijikeun sina rapet. Buka citakanana, mangka céngcéléngan téh geus ngabentuk rapih.

Keempat, kedua bagian cetakan celengan yang sudah diisi tanah liat lalu disatukan sampai rapat. Buka cetakannya, maka celengan pun akan terbentuk rapi.

Céngcéléngan anu geus ngabentuk téh garingkeun dina waktu sapoé. Celengan yang sudah terbentuk dikeringkan selama sehari. Sanggeus garing, céngcéléngan téh dibeuleum dina pameuleuman salila 2 atawa 3 jam. Sanggeus dibeuleum, poé salila 6 jam nepi ka bener-bener garing. Sangkan céngcéléngan téh leuwih alus, tuluy cét ku warna anu matak narik jeung pikaresepeun.

Setelah kering, celengan dibakar di tempat pembakaran selama 2 atau 3 jam. Setelah dibakar, jemur selama 6 jam sampai betul-betul kering. Agar lebih bagus, celengan dicat dengan warna yang menarik dan memikat.



"Kumaha Hasan geus apal anu bieu ku Mang diterangkeun?"
tanya Mang Ali bari seuri.

"Euh," Hasan ngahuleng, tuluy seuri.

Mang Ali jeung Bah Didi seuri nyakakak ningali Hasan anu keur bingung.

"Bagaimana Hasan, sudah hafal yang tadi Mang jelaskan?"
tanya Mang Ali sambil tertawa.

"Eh." Hasan terdiam, lalu tertawa.

Mang Ali dan Bah Didi tertawa terbahak-bahak
melihat Hasan yang sedang bingung.



"Hayu ayeuna mah urang prakna diajar. Mun aya anu teu bisa, kari tanyakeun wé ka Emang atawa Bah Didi," ceuk Mang Ali.

"Ceuk kolot ogé nu bodo mah kudu aléwuh. Hartina, lamun rumasa can bisa kudu terus tatanya méh jadi bisa," ceuk Bah Didi.

Hasan unggeuk jeung seuri.

"Yuk, sekarang kita langsung praktik saja. Kalau ada yang tidak bisa, langsung tanyakan kepada Mang atau Bah Didi," kata Mang Ali.

"Kata orang tua, malu bertanya, sesat di jalan. Artinya, jika tidak tahu, maka harus bertanya," kata Bah Didi.

Hasan mengangguk dan tersenyum.



Hasan sumanget diajar nyieun céngcéléngan.

Hasan belajar membuat celengan dengan penuh semangat.



Sanggeus dua poé, céngcéléngan hayam jieunan Hasan téh geus jadi. Tapi, céngcélénganana téh kurang rapih jeung karadak. Lantaran ngaratakeun taneuh liat dina citakan kurang tarapti.

"Keun baé ngaranna ogé diajar. Sakitu mah geus alus céngcéléngan téh. Hasan kudu leuwih getol jeung sumanget deui diajarna," ceuk Mang Ali.

Hasan unggeuk jeung seuri.

Setelah dua hari, celengan ayam yang dibuat Hasan sudah jadi. Akan tetapi, celengannya kurang rapi dan masih kasar. Mungkin saat meratakannya kurang teliti.

"Tidak apa-apa. Namanya juga baru belajar. Celengan tersebut sudah bagus. Yang penting Hasan harus semakin rajin dan semangat belajar," kata Mang Ali.

Hasan mengangguk dan tersenyum.



*Sanggeus céngcéléngan jieunan Hasan dicét, tuluy dibawa balik.
Rék dibikeun ka Nénéng.*


Setelah dicat, celengan buatan Hasan dibawa pulang.

*"Néng ieu céngcéléngan damelan Aa téh. Punten nya teu acan saé..."
ceuk Hasan bari mikeun céngcéléngan.*

*"Neng, ini celengan buatan Kakak. Maaf, belum terlalu bagus"
kata Hasan sambil memberikan celengan.*

Nénéng kacida atohna.

Neneng sangat bahagia.



"Ma, punten nya, Hasan teu acan saé ngadamel céngcélénganana siga damelan Bapa" ceuk Hasan.

"Ma, maaf, Hasan belum mahir membuat celengan seperti buatan Bapak" kata Hasan.

"Wios, pan namina ogé diajar. Hasan sing getol diajarna, sareng do'akeun Bapa," témbal indungna ngusapan buuk Hasan.

"Tidak apa-apa, namanya juga belajar. Hasan harus rajin dan terus doakan ayahmu," kata ibunya sambil mengusap-usap rambut Hasan.



*Hasan beuki getol diajar nyieun céngcéléngan.
Ayeuna mah céngcéléngan jieunan Hasan téh geus alus.*

*Hasan semakin rajin belajar membuat celengan.
Sekarang celengan buatan Hasan sudah bagus.*



"Nénéng sing bageur nya. Ayeuna mah pan tos gaduh céngcéléngan. Engké ku Aa dipangdamelkeun deui céngcéléngan nu langkung saé," ceuk Hasan.

"Neneng yang baik, ya. Sekarang Neneng sudah punya celengan. Nanti Kakak akan membuat lagi celengan yang lebih bagus untuk Neneng," kata Hasan.

"Tapi Nénéng mah céngcéléngan hayamna hoyong anu warna-warni," ceuk Nénéng.

"Neneng mau celengan ayam yang warna-warni," kata Neneng.

"Muhun," témbal Hasan bari ngusapan deui.

"Iya," jawab Hasan sambil mengelus rambut Neneng lagi.



Usum halodo, hadé keur moé barang gagarabah.
Di lio, Hasan keur nyieun céngcélengan. Mang Ali mémérés kendi.
Bah Didi keur meuleuman barang gagarabah.

Musim kemarau cocok untuk menjemur gerabah. Di lio,
Hasan sedang membuat celengan. Mang Ali merapikan kendi.
Bah Didi membakar barang-barang gerabah.

"Hasan, engké mun peré sakola rék ngilu ngirim barang garabah ka Bandung?
Resep geura," ceuk Mang Ali.

"Hasan, nanti kalau libur sekolah mau ikut mengirimkan barang
gerabah ke Bandung? Seru loh," kata Mang Ali.

"Hayu, Mang. Tapi badé wawartos heula ka Ema," témbal Hasan.

"Ayo, Mang. Tetapi Hasan mau minta izin dulu kepada Ema," jawab Hasan.




Lian ti geus bisa nyieun céngcéléngan, Hasan ogé ayeuna mah geus bisa ngecétna. Cara ngawarnaan diajarkeun ku Bah Didi. Ari diajar nyieun parabot gagarabah séjénna mah diajarkeun ku Mang Ali.

Selain sudah bisa membuat celengan, Hasan sekarang sudah bisa mengecatnya. Cara mewarnai diajarkan oleh Bah Didi. Sedangkan untuk membuat gerabah diajari Mang Ali.

Hasan dibéré duit ku Mang Ali jeung Bah Didi. Lantaran geus mantuan digawé, jeung céngcéléngan jieunan Hasan téh geus payu dijual.

Hasan diberi uang oleh Mang Ali dan Bah Didi karena sudah terlibat bekerja. Celengan buatan Hasan juga sudah laku terjual.



"Ma, ieu Hasan dipasih artos ku Mang Ali sareng Bah Didi. Saurna, hasil tina mantosan di lio. Sareng céngcéléngan damelan Hasan téh tos tiasa diical," ceuk Hasan bari mikeun duit ka indungna.

"Ma, Hasan diberi uang oleh Mang Ali dan Bah Didi. Katanya, uang ini dari hasil membantu di lio. Celengan buatan Hasan juga sudah bisa dijual," kata Hasan sambil memberikan uang kepada ibunya.

"Alhamdulillah... Nuhun Hasan, bageur. Tapi Hasan tong hilap kana pangajaran di sakolanya. Ieu artos lebetkeun kana céngcéléngan weh," ceuk indungna.

"Terima kasih Hasan yang baik. Akan tetapi, Hasan jangan lupa pelajaran di sekolah ya! Uang ini masukkan ke celengan saja!" kata ibunya

Hasan unggeuk. Pok deui nyarita, "Ieu mah artos kencing kanggo Nénéng."
"Asik Nuhun, A," témbal Nénéng, bungah kacida.

Hasan menganggu, lalu berkata, "Yang ini koin untuk Neneng."
"Asik ...Terimas kasih, Kak," jawab Neneng, sangat senang.

Hasan jeung Nénéng ditangkeup ku Ema.

Hasan dan Neneng dipeluk oleh Ema.





Biodata Penulis

ARI ANDRIANSYAH, asli orang Arjasari, Kabupaten Bandung, lahir 18 Januari 1988. Menamatkan sekolah di SDN Arjasari 1 (1994-2000), SMPN 1 Arjasari (2000-2003), SMAN 1 Banjaran (2003-2006), Jurusan Pendidikan Bahasa dan Sastra Sunda UPI Bandung (2006-2010), dan Program Studi Magister Pendidikan Bahasa dan Budaya Sunda SPs UPI (2016-2021). Menulis sajak, cerpen, fiksimini, esai, dan laporan jurnalistik di sejumlah media. Sehari-hari bertugas sebagai guru Bahasa Sunda di SMAN Jatinangor, Kabupaten Sumedang. Pernah meraih Hadiah Sastra LBSS tahun 2009 dan 2021. Tahun 2015 meraih Hadiah Hard japamekas, sebagai Guru Bahasa Sunda Rancage. Buku sastra yang sudah terbit ialah kumpulan sajak Langkah (2016), kumpulan fiksimini Hegak (2017), dan kumpulan sajak Kalangkang Ringkang (2021). Buku pelajaran yang sudah terbit adalah Rancage Diajar Basa Sunda pikeun Murid SMA/SMK/MA/MAK Kelas X, XI, XII (bersama dengan Tim, 2017). Alamat e-mail: ariandriansyah1988@gmail.com. Nomor HP/WhatsApp: 082315479699.



Biodata Penerjemah

Mahmud Fasya lahir di Sumedang, 9 Desember 1977. Setelah meraih gelar S.Pd. tahun 2002 dari Jurusan Pendidikan Bahasa dan Sastra Indonesia, FPBS, UPI, ia menjadi dosen di almamaternya sejak tahun 2005. Pada tahun 2009 ia memperoleh gelar M.A. dalam bidang linguistik dari Fakultas Ilmu Budaya, UGM. Tahun 2020 ia menyelesaikan studi doktoral dari Program Studi Ilmu-Ilmu Humaniora, UGM. Ia menuntaskan disertasi yang berjudul "Pernyataan Kala Bahasa Sunda". Minat penelitiannya berpusat pada linguistik, khususnya dalam bidang bahasa, budaya, dan masyarakat. Ia pernah menjadi Ketua Program Studi Bahasa dan Sastra Indonesia, FPBS, UPI tahun 2021 s.d. 2023. Selain menjadi dosen, ia juga aktif terlibat di organisasi profesi Masyarakat Linguistik Indonesia.



Biodata Ilustrator

Maman Sulaeman, atau maman mantox lahir di kota kuningan, Jawa Barat kuliah di Stisi Bandung jurusan desain grafis, menjadi ilustrator buku anak sejak tahun 1993 sampai sekarang, sejak tahun 200-an mendirikan mantox studio, pernah mengajar di Stisi Telkom mata kuliah ilustrasi sejak 2008-2013, pernah juga menjadi konsultan desain di kementerian pariwisata dan ekonomi kreatif tahun 2017 mendirikan mantox illustration school sampai sekarang

PERJENJANGAN BUKU

BERDASARKAN PERATURAN KEPALA BSKAP
NOMOR 030/P/2022 TENTANG PEDOMAN PERJENJANGAN BUKU



PEMBACA DINI

Jenjang pembaca yang baru kali pertama mengenal buku yang memerlukan perancah untuk mendampingi anak membaca



PEMBACA AWAL

Jenjang pembaca yang memerlukan perancah dan mampu membaca teks berupa kata/frasa dengan kombinasi bunyi huruf, klausa, kalimat sederhana, dan paragraf sederhana

B1

B2

B3



PEMBACA SEMENJANA

Jenjang pembaca yang mampu membaca teks secara lancar berbentuk paragraf dalam satu wacana



PEMBACA MADYA

Jenjang pembaca yang mampu memahami beragam teks dengan tingkat kesulitan menengah



PEMBACA MAHIR

Jenjang pembaca yang mampu membaca secara analitis dan kritis berbagai sumber bacaan untuk menyintesis pemikiran secara lebih baik



CATATAN: RENTANG USIA MERUPAKAN KESETARAAN JENJANG, BUKAN MENJADI ACUAN UTAMA PERJENJANGAN BUKU. ACUAN UTAMA TETAP PADA KEMAMPUAN MEMBACA.

Ayo, Baca Buku di Penjaring!



Pindai untuk akses
laman!






Halo,
Anak-Anak Indonesia!

Yuk, kunjungi kanal  **YouTube** Penjaring
Pusdaya untuk menikmati cerita anak
dalam bentuk buku audio video yang
dilengkapi dengan bahasa isyarat!
Jangan lupa klik suka dan langganan,
lalu bagikan ke teman-temanmu.



<https://www.youtube.com/@penjaring>



Celengan milik Neneng Hasna terpaksa harus dipecahkan oleh Hasan, kakak Neneng. Uangnya akan dibelikan obat untuk ibunya yang sedang sakit. Neneng menangis sedih dan kesal karena celengan itu memiliki banyak kenangan. Celengan itu dibuat oleh ayahnya yang sudah tiada. Hasan kemudian memiliki ide untuk meminta bantuan Mang Ali dan Bah Didi untuk membuat celengan ayam. Keduanya merupakan teman karib ayahnya yang berprofesi sebagai anjun. Apakah Hasan berhasil membuat celengan pengganti untuk adiknya?



KEMENTERIAN
PENDIDIKAN DASAR
DAN MENENGAH
2025

